ўзлигини таниш, бу ёруғ оламга келишидан кўзланган асосий мақсад-муддаони англаш сингари муҳим масалаларни бадиий талқин қилишга интилди. Пок эътиқоднинг инсон камолотидаги ўрнини кўрсатиб бериш, юксак ахлоқий фазилатларни улуғлаш – Ферузнинг ушбу мавзудаги лирик асарларида асосий мавзу бўлди, дейиш мумкин. Диний-маърифий мавзуда қалам тебратар экан, шоир бу соҳада ҳам чуқур билим эгаси эканини намоён эта билди. Бошқа турдаги шеърлари каби ҳамд ва наътларида ҳам миллий шеъриятимизнинг ўзига хос хусусиятларини кўрсата олди. Орадан неча замонлар ўтса ҳам аҳамиятини сақлаб қола оладиган бой адабий-маърифий асарлар қолдиришга муваффақ бўлди.

**Адабиётлар**

1. Исмоилова Г. Хоразмнинг фозил фарзанди. / Муҳаммад Раҳимхон Феруз. Элга шоҳу ишққа қул. -Т.: "Ғафур Ғулом" 1994.
2.Жабборов Н. Огаҳийнинг огоҳлик сири. // Tafakkur, 2009, 2-сон.
3. Жабборов Н. Фурқатнинг хориждаги ҳаёти ва ижодий мероси: манбалари, матний тадқиқи, поэтикаси. Филология фанлари доктори илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. -Т.: 2004.
4. Навоий асарлари луғати (Тузувчилар: П.Шамсиев, С. Иброҳимов). –Т.: "Адабиёт ва санъат", 1973.
5. Сайфуллоҳ С. Наът ғазаллар моҳияти. *"Хазойин ул-маоний"даги наът ғазаллар* китобига сўзбоши. –Т.: "Ноширлик ёғдуси", 2010.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада миллий уйғониш даври ўзбек адабиёти намояндаси Муҳаммад Раҳимхон Ферузнинг ҳамд ва наътлари тадқиқ қилинган. Шоир маснавийлари таҳлили асосида унинг ижодида диний-маърифий мавзунинг бадиий талқини масаласи ўрганилган. Бадиий санъатларни қўллаш маҳорати, ижодкорнинг поэтик маҳорати сирлари ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье исследованы хамды и наъты представителя узбекской литературы времени национального пробуждения Мухаммад Рахимхон Феруза. На основе анализа маснавий поэта изучен вопрос литературной интерпретации религиозно-оброзовательной темы в его творчестве. Также освещены секреты его литературного искусства и поэтического мастерства.

**SUMMARY**

There are researched the hamds and nats of Muhammad Rahimhon Feruz - the representative of the Uzbek literature of the national enlightenment. The issue of literary interpretation of the religious-educational theme in his creation been studied on the basis of the analysis of the poet's masnavies. The secrets of his literary art and poetic mastery are highlighted as well.

## ЖЫРАЎ-ШАЙЫРЛАР ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ СӨЗ-ЖЫР ИМПРОВИЗАЦИЯСЫ

**К.Г.Матимов** - *таяныш докторант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** импровизация, анъана, халқ оғзаки ижоди, жиров-шайир, Соппасли Сипира, Асан Қайғи, Доспанбет, Муйтен.
**Ключевые слова:** импровизация, традиция, народное творчество, жиров-шаир, Соппаслы Сыпыра, Асан Кайги, Доспанбет, Муйтен.
**Key words**: improvisation, tradition, folk art, poet-singer, Soppasli Sipira, Asan Kaygi, Dospanbet, Muyten.

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде, әдебият тарийхында жыраў-шайырлар деген атама (термин) менен дусласамыз. Жыраў-шайырлар мийрасы дегенде Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Доспанбет жыраў, Мүйтен жыраў, Жийен жыраў ҳәм т.б. жыраў шайырларды билемиз. Себеби, бул әдебий тулғалар әдебият тарийхында шайыр, жыраў, шешен сыпатында баҳаланады. Белгили алым К.Мәмбетов ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебиятын изертлеў барасында усы жыраў-шайырлар дөретиўшилигине айрықша тоқтап: «… автор шығарманы өзи жазып, өзи үгит-нәсиятлаўы, өзи саз әсбабы менен атқарыў қәбилетине ийе болыўы менен белгиленеди» [8:177] деген еди.

Жыраў сөзи жыр жырлаў сөзинен алынған болып, оның келип шығыў тарийхы жүдә узақ дәўирлерге барып тақалады. Демек, әдебиятшы алымлардың белгилеп өткенине қарағанда жыраў атамасы XI әсирлердеги Қорқыт ата жырлары менен байланыстырады [7:108].

Қарақалпақ әдебиятында жыраў атамасы жүдә кең мәниге ийе болып, XIV-XVIII әсирлер аралығындағы жасап өткен Соппаслы сыпыра жыраў, Асан қайғы, Доспанбет жыраў, Мүйтен жыраў, Жийен жыраўлар өз гезегинде шайыр, жуўабый шешен ҳәм жыраў (атқарыўшы) сыпатында да көзге тасланған ҳәм жыраў деген улыўмалық атама менен жүритилген. Соңғы дәўирлерге келип жыраў сөзиниң мәниси бираз тарайыңқырап, тек ғана халқымыздың бай ауызеки дөретпелерин (терме, толғаў, дәстанлар) атқарыўшыларды ғана түсинген. Олар тек ғана аўызеки әдебиятымызда бар болған аўызеки дөретпени (терме, толғаў, дәстан) атқарып қоймай, шайырлық ҳәм импровизациялық уқыбы басым болып, халық массасына кең таралыўында, сол аўызеки дөретпениң (дәстан ҳәм т.б.) идеялық, көркемлик ҳәм сюжетлик қурылысының артыўында айрықша әҳмийетке ийе болған. Демек, бул жыраўлар: Шаңқай жыраў, Қурбанбай жыраў, Қыяс жыраў, Ерполат жыраў, Есемурат жыраў, Өтенияз жыраў, Қуламет жыраў, Өгиз жыраўлар халқымызда жыраўшылық дәстүрин кәсип, өнер түрине айландырып, халық аўызеки дөретиўшилигинде таяр турған аўызеки дөретпени атқарыў менен шекленип қалмай, импровизациялық уқыптан оғада шебер пайдаланып отырған.

Жыраўлар дөретиўшилигиниң айрықша бир белгиси олардың таланты, тәбийий туўма сөз усталығы, белгили дәрежеде индивидуал шайыршылығы халық аўызеки әдебиятының қәлиплескен бай дәстүрлериниң дөгерегинде раўажланған болады. Соның ушын да белгили алым Қ.Мақсетов:- «… қайсы бир аса талантлы халық жыраўын алсақта, оның жеке шайыршылығынан гөре, халық поэзиясының үлгилериниң атқарыўында шебер усталығы айрықша сезилип турады» [6:32] - деген еди. Соның ушын да бул жыраўлар күшли шайырлық ҳәм импровизациялық талантқа ийе болғаны менен олардың репертуарында болған дөретпени халық массасына кең ен жайыўында ҳәм толық шығарма сыпатында қәлиплесиўинде айрықша роль ойнағаны менен оларды биз дәстан авторы демей, тек ғана атқарыўшы сыпатында баҳалаймыз.

Түркий халықлар ишинде қарақалпақ, қазақ ҳәм ноғай халықларының түби бир туўысқанлығы тарийхый мағлыўматлар менен бирге ерте дәўирлердеги жыраў-шайырлардың әдебий мийраслары да буны анық тастыйықлайды. Сондай-ақ, халқымыздың бай руўхый дүньясы көркем аўызеки дөретпелерде ҳәм түркий әдебият тарийхында да аңызға айланып кеткен Қорқыт ата, Кетбуға, Қотан жыраўлар да түркий әдебиятта жыраўлардың пири (устазы) сыпатында тилге алынады. Ал, қарақалпақ ҳәм ноғай халықларында Соппаслы сыпыра жыраўдың исми жыраўшылық мектептиң тийкарын салыўшысы, ең дәслепки баслаўышысы, түп бабасы сыпатында көринеди. Мине, усы Соппаслы сыпыра жыраўды қарақалпақ жыраўшылық мектебиниң тийкарын салыўшысы, түп бабасы сыпатында баҳаланатуғынын қарақалпақ алымларынан Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Қ.Мақсетов ҳәм К.Мәмбетовлар өзлериниң илимий мийнетлеринде унамлы пикирлер айтқан

[2,5,6,7].

Жыраў-шайырлар дөретиўшилигинде Соппаслы сыпыра жыраў, Асан қайғы, Доспанбет жыраў ҳәм Мүйтен жыраўларды биз толық жазба әдебият ўәкиллери сыпатында баҳалай алыўымыз қыйын. Ал, жазба әдебиятта автордың сақланыўы, шығарманың жазба нусқада дөретилиўи ямаса таралыўы, көркемлик өзгешелиги айқын сәўлелениўи айрықша талап етиледи. Бул жыраўлар дөретиўшилигинде автордың сақланыўы, ҳәр бир жыраўдың шығармасында жеке стиль ҳәм көркемлик өзгешелиги болғаны менен олар шығарманы аўызеки усылда дөреткен. Буның баслы себеби, халықтың ярым көшпели турмысының нәтийжеси болса керек. Бундай жағдай қазақ ҳәм ноғай халықлары әдебиятында да ушырасады. Мине, усындай жағдайларға байланыслы жыраўларда (шайыр, шешен) импровизациялық уқыпқа болған мүтәжлик сезиледи. Импровизациялық дәстүр усы жыраўлар дөретиўшилигинде пайда болған екен деген мәни пайда болмаўы керек. Бул әдебий қубылыс ерте де, жүдә ески заманлардан бар болған дәстүр болыўы мүмкин. Бирақ, усы импровизациялық дәстүр усы жыраў-шайырлар мийрасында анағурлым дәрежеде раўажланғаны сезиледи. Импровизациялық дәстүр ямаса уқып усындай жағдайларға байланыслы раўажланған ҳәм жыраў, шешен, шайырлар ушын айрықша әҳмийетке ийе болған.

Жыраў-шайырлар таярланып, қағаз, жазыўсызыўдан пайдаланбай аўызеки, турған жеринде, ханға бола ма?, халыққа бола ма? жеке ямаса халықлық пикирлерин, мүрәжатларын, толғаў (шығарма) түринде баянлай алатуғын талантқа ийе болған ҳәм усыған олар мүтәж да еди. Мине, бул импровизациялық қубылыстың жемиси болып табылады.

Импровизация усылы көркем өнердиң барлық түрлеринде (көркем әдебият, музыка, театр, жиповись, хореграфия) бар болған көркем әдебий қубылыс болып табылады. Бул көркем әдебий қубылыс таярлықсыз суўырып салыў, ҳәзир жуўаплы, төкпе талант, тәбийғый таланттың сол заматта туўылыўы, сөз тапқырлығы қәсийетлерине ийе болады [3:40-41, 4:152].

Қарақалпақ әдебиятында улыўма сөз өнеринде жыраўлар, шайырлар, бақсылар, шешенлер (ораторлар), лаққыларда импровизациялық қубылыс, яғный сөзге таярлықсыз суўырып салыў, төкпе талантлылық қәсийетлерине, уқыпларына ийе болған. Бундай импровизациялық қәсийетке ийе болған дөретиўши тулғаларды биз ерте дәўирлерден көзге тасланатуғын халқымыздың көркем аўызеки дөретиўшилигинде, жыраўшайырлар дөретиўшилиги (Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Доспанбет жыраў, Мүйтен жыраў, Жийен жыраў, Жийренше шешен ҳәм XIX әсирдеги классик шайырлардан Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳәм кейинги дәўирлердеги халық шайырлар Садық шайыр, Рам шайыр, Т.Жумамуратов ҳәм т.б. шайырлар дөретиўшилигинде ушыратыўға болады.

Импровизациялық дәстүр көркем әдебиятта, әсиресе, айтыс жанрында да, қыз-жигитлер айтысында да, шайырлар айтысында да көбирек ушырасады. Айтыс импровизациялық уқыпты талап етеди, бундай талант, уқып болмаса айтыса алмайды, ямаса жеңилип қалады. Шайырлар айтысы поэзияның басқа формаларына қарағанда қурамалы, қыйын ҳәм қызықлы жанры болып табылады. Бул өзи халық алдында жүзбе-жүз дөретилетуғын биргеликтеги шығарма. Үлкен жыйынтоптағы саўашқа кирген батырлардай, бәйгиге кеткен атлардай болып қызып-жулып тартыс, жарыс қызығына араласыўы болып табылады. Қыйынлығы сонда шайырлар бул айтысқа жазба таярлықсыз келип түссе де, қосықты турған-турған жерлеринде ядтан импровизациялық талант пенен шығарылады [1:17].

Жыраўлар поэзиясында Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан қайғы, Доспанбет жыраў, Мүйтен жыраў, Жийен жыраўлар өз толаўларында ақыл-парасатлылық пенен сөз тапқырлығы, дилўарлығы, қыйын-қыстаўлы жағдайдан сөз құдирети арқалы жағдайды жумсарта алыўы уқыпларын импровизациялық қубылыстың көриниси сыпатында баҳалағымыз келеди. Мәселен, усындай импровизациялық қәсийетке ийе тапқырлық Мүйтен жыраўдың ханның түсин жорығанында да бар. Бухар ханы бир жаман түс көрип, түсинде ҳәмме тислери төгилип, тек бир тиси ғана қалған екен. Көп даналарды шақыртып жорытып көрсе «Тақсыр, сизиң үримпутағыңыздан ҳеш ким қалмайды. Ҳәммеси өледи, тек өзиңиз қаласыз»-депти. Буған ханның қәҳәри келип, ҳәммени қылыштан өткизген. Гезек Мүйтен жыраўға келгенде: «Басқаларды билмедим-дә, бирақ сизиң өмириңиз жүдә узақ болады екен»-депти. Негизинде, Мүйтен жыраў алдыңғы данышпанлардың сөзин сәл басқашалаў етип айтқан. Мине, бул гәп ханға унаған ҳәм мақул түскен. Мүйтен жыраўға сарпай жапқан. Бул жерде Мүйтен жыраў ҳәм жуўабый шешен ҳәм импровизатор екенлигин көриўге болады.

Соппаслы Сыпыра жыраў XIV-XV әсирлерде жасаған белгили шайыр жыраў ҳәм мәмлекетлик кеңесгөй болғанлығы өзиниң тарийхый толғаўларда сәўлеленген тарийхый мағлыўматлары арқалы бизге белгили. Бул дәўир әдебиятында синкретизм (сөз, саз, айтыс, ойын) айрықша әҳмийетке ийе болған. Соның ушын да биз оны ҳәм шайыр (өзи дөреткен) ҳәм жыраў (атқарған) ҳәм сазенде (саз әсбабы қобыз бенен өзи шерткен) сыпатында бир неше өнерлерди жәмлеп бирлестире алғанлығын сезе аламыз. Бундай синкретизм қубылысы сол дәўир, сол заман ушын үлкен әҳмийетке ийе қәбилетлердиң бири еди. Синкретизм қубылысынан пайдалана алыў қәбилети Асан қайғы, Доспанбет, Мүйтен жыраўларда, XIX әсирдеги қарақалпақ классик шайырларында (Күнхожа, Әжинияз Бердақ ҳәм т.б.) да ушырасады. Мине, бул әдебий тулғалар дөретиўшилигинде синкретизм қубылысы менен бир қатарда импровизация қубылысының кең орын алғанлығын да байқаўға болады. Соппаслы Сыпыра жыраўдың «Ҳә хан ийем, хан ийем» деп басланатуғын толғаўын әдебий талқыға алып көрейик. Мысалы:

Ҳә хан ийем, хан ийем,
Қулағыңды сал ийем,
Талан болды бизлерден,
Сансыз дүнья мал ийем…
Қаршыға болып қутырып,
Қасқыр етин аңсама,
Қырғый болып қутырып,
Қызыл етти аңсама.
Туйғын болып қутырып,
Түлки етин аңсама…[9:72]

Түркий халықлар ишинде қарақалпақлар менен қазақлардың көркем аўызеки дөретиўшилиги менен жыраўшылық өнеринде, әсиресе айтыс жанрында импровизациялық қубылыстың күшли раўажланғанлығының гүўасы болып отырмыз. Мине, биз әдебий талқыға алған уллы Соппаслы Сыпыра жыраў толғаўларында импровизацияның нағыз үлгилерин көриўге болады. Өзи хан ҳүзирине кирип ямаса журт алдында шығып сөйлейтуғын шешенлер менен жыршылар алдын ала айтар сөзиниң текстин таярлап, қолына қағаз алып шығыў мүмкиншилигине ийе емес. Олар тек ғана логикалық талғамға сүйенип, сол пайыттағы жағдайдан, қатнасыўшылардың, тыңлаўшылардың психологиясын үйрениў арқалы ямаса жәмәәттиң кейпиятын сезиў арқалы өзиниң кеўлиндеги айтар сөзин, жырын поэтикалық тил менен баян ете алады. Ески ҳәм ерте дәўирлерде көркем әдебий шығармадан тысқары илимий ҳәм сиясий баянатлар, илимий мийнетлер, тарийхый мағлыўматлар қосық тексти менен жазылғының гүўасымыз. Бул биринshiден сол мағлыўматлардың инсан қәлбине эстетикалық сезим менен тәсир етиўде, халық ядында узақ сақланыўда, ядқа билиўди тәмийин-

леўде үлкен роль ойнаған. Биз мысалға алған Соппаслы Сыпыра жыраўдың халық дәртин, жырын, халықтың кеўлиндеги сөзин ханға қосық үлгисинде жеткизген. Оны таярланып, қағазға жазып отырмай-ақ, ҳүзирине туўры кире сала оның ис-ҳәрекетлерин тәбият аңлары-на мегзеткен ҳалда баян етеди. Соның менен бирге, ханның қылўаларын қаршыға, қасқыр, қырғый, туйғын, түлки сыяқлы қуслар менен жыртқыш ҳайўанлардың ис-ҳәркетине уқсатыў арқалы оны бул жолдан қайтырыў, оны тәрбиялаў бағдарындағы усынысы ақыл-нәсият етиў талапларының бири болып табылады.

Жеткиншек болған журтыңа,
Мезгилсиз гөр қазылар,
Қызыға берме урысқа,
Зияны тийер ырысқа…
Халқыңды жыйнап бир жерге,
Жеңимпаз хан атандың,
Елиң әбден толықты,
Енди саған не керек?

Сопаслы Сыпыра жыраў ханнан қорықпай, усындай туўры ҳақыйқатты жүзине айтады. Себеби, оның артында, жыраўды қоллап қуўатлайтуғын халық тур. Хан да жыраў да, шешен де булардың өмири, турмысы халық пенен берге болады. Халықсыз олар ҳеш ким емес. Соның ушын да жыраў халықты аяқ-асты естпеўди, ҳүрмет етиўди, тосыннан урыс жәриялама-мауды, қоңсы халықларға зияны бермеўге шақырады.

Ҳәр күни қан төгиспе,
Зирлеп болды дөгерек.
Урыстың болар өз заңы,
Қаншама қан төгилер,
Хан салығынан халқыңның,
Қабырғасы сөгилер [9:73].

Улыўма алғанда, қарақалпақ әдебияты тарийхында импровизация дәсүрлериниң ең жақсы үлгилерин жыраў-шайырлар мийрасында көремиз. Әсиресе, бизиң дыққатымызды тартқан Соппаслы Сыпыра жыраў ҳәм Мүйтен жыраў дөретиўшилигинде импровизация дәстүрдиң бай үлгилерин әдебий талқыға алдық. Жыраўлар поэзиясы ҳәм шешенлик сөзлердеги импровизациялық қубылысты теориялық жақтан талқылаў, үйрениў, изертлеў әдебияттаныў илиминде турған әҳмийетли мәселелердиң бири болып табылады.

**Әдебиятлар**


1.Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989, 17-б.
2.Айымбетов Қ. Халық даналығы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
3.Ахметов С., Бахадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзилиги. -Нөкис: «Билим»., 1993, 40-41-б.
4.Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ., Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: «Билим», 1994,152-б.
5. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. II том. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
6. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992, 32-б.
7. Мәмбетов К. Әййемги қарақалпақ әдебияты. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1976.
8. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. -Нөкис: «Билим», 1992, 177-б.
9. Мамбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. -Нөкис: «Билим», 1995. 72-б.
10. Исмайлов С. «Ақындар». -Алма-ата, 1956, 39-б.



**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада қорақалпоқ адабиётида қадимий жиров-шаир Соппасли Сыпыра, Асан Қайғи, Доспанбет, Муйтен ва бошқалар ижодида сўз-жир импровизацияси масаласи сўз этилади. Импровизация анъанасининг пайдо бўлиш жараёни, тараққиёт тамойиллари қорақалпоқ халқинг бадиий оғзаги ижодиёти, қадимий жиров-шойирлар меросидан намуна олғани ва бугунги қорақалпақ адабиётида ҳам давом этаётган бадиий оғзаки ижодиётида ҳам илмий асослар билан очиб берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье обсуждается проблема имровизации в каракалпакской литературе, в произведениях древнего поэта Соппаслы Сыпыра, Асан Кайги, Доспанбета, Муйтена и других. А также, говорится о возникновении явления импровизации, этапах формирования каракалпакского художественного устного народного творчества, о том, что оно берёт начало с наследия поэтов-жырау раннего периода и продолжается и в сегодняшней каракалпакской литературе, и в современном художественном устном творчестве, в том числе и в традиционных песнях.

**SUMMARY**

The article discusses the issue of improvisation in Karakalpak literature in the works of the ancient poet Soppasli Sipira, Asan Kaygi, Dospambet, Muyten and others. And also, it is said about the occurrence of the phenomenon of improvisation, the stages of the formation of the Karakalpak folklore, that it originates from the legacy of poets-jirau of the early period and continues in today's Karakalpak literature, and in modern folklore, including traditional songs.


## ТАРИЙХЫЙ ҚОСЫҚЛАРДА АТА ЖУРТЫ ТҮРКИСТАН ТЕМАСЫ


**Е.Е.Қанаатов** – *таяныш докторант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** халқ ағизаки адабиёти, тарихий қўшиқ, Туркистон даври, Сирдарё, юқори қорақалпоқлар, қуйи қарақалпоқлар.

**Ключевые слова:** устное народное творчество, историческая песня, туркистанский период, Сырдарья, верхние каракалпаки, нижние каракалпак

**Key words:** folklore, historical song, Turkestan period, Syrdarya, Upper Karakalpaks, Lower Karakalpaks.


Қарақалпақ халқы өзиниң тарийхында көп бөлгиншиликлерге ушырап, уллы көшлерди басынан кеширген. Ҳәр дәўирде жүз берген тарийхый ўақыя-ҳәдийселер халық аўызеки дөретпелеринде сақланып қалған. Бизиң дәўиримизге жетип келген тарийхый қосықлар, әне, усындай тарийхый ўақыялардан мағлыўмат береди.

Тарийхый қосықлар белгили тарийхый ўақыяға байланыслы дөресе де онда анық ўақыяның өзи сәўлеленбейди, ал ҳәр дәўирдиң тарийхый-социаллық, жәмийетлик-сиясий келбети көркемленип бериледи. Бул қосықлардың ертеде дөрелгенлери де, кейинирек пайда болғанлары да анық тарийхый ўақыяларға тийкарланады, баслы қаҳарманлары да тарийхый шахслар болады. Халық қосықларын, әдетте, халық дөретеди, деген менен бир ўақытлары ол қандай да бир шайырлық уқыпқа ийе бир адам тәрепинен дөретилип кейин ала авторы умытылып, халық оны кеўилге қонымлы болғаннан кейин қайта ислеп, раўажландырып отырған. Демек, халық тарийхый қосықларының авторлары да сол ўақыяларды көзи менен көрген адам дөреткен. Онда авторлар көзи менен көрген, өзлери басынан кеширген ўақыяларды ўақытына қарай баянлайды.

Қарақалпақ халық аўызеки әдебиятында Ноғайлы дәўири ҳәм атажурты Түркистанға байланыслы жыр-толғаўлар жақсы сақланып қалған. Белгили фольклортаныўшы алым Қаллы Айымбетов тарийхый жырлардың пайда болыўин еки дәўирге бөлип қарайды: 1) қарақалпақлардың Едил, Жайық дәрьяларының бойынан бөлгиншиликке ушырап, сол жерлерди таслап, Түркистанға - Жаңадәрьяға көшкен дәўири. Бул туўралы жырланған тарийхый жырды «Ормамбет бийдиң толғаўы» деп атайды; 2) Қарақалпақлардың